

## **BAHAMAS (Nivo 1)**

Gouvènman Bahamas lan respekte nèt al kole standa minimòm pou eliminasyon trafik moun. Gouvènman an toujou fè efò serye epi soutni pandan peryòd rapò sa a kouvri, lè nou konsidere enpakt pandemi KOVID-19 lan, si te gen enpakt vre, sou kapasite l pou goumen kont trafik moun, alenkile Bahamas tou kenbe pozisyon li nan Nivo 1. Pami efò sa yo, te genyen kondanasyon epi aplikasyon yon santans anprizonnan kont yon trafikan, epi efò pou bay restitisyon pou yon viktим etranje rapatriye. Ositou, gouvènman Bahamas adopte lejislasyon pou pèmèt viktим temwaye an distansyèl, menmsi se aletranje yo ye ; bay sipò kontinyèl pou viktим etranje rapatriye ; epi li kowopere avèk yon peyi vvazen pou rapatriye twa (3) viktим. Epi tou, li òganize fòmasyon pou ofisyèl siperyè, e te gen ladan senk (5) nouveau manm Gwoup Travay sou Trafik Moun (Trafficking in Persons Task Force), epi nouveau rekri pami enspektè di travay; li òganize plis kanpay sensibilizasyon; epi li mande gwoup ki mal desèvi yo avi pa yo, sou politik li kont trafik moun. Men, si se vre gouvènman Bahamas respekte standa minimum yo, li pa antreprann òkèn pouswit, e se kèk grèn viktим sèlman li idantifye, epi li pa bay òkèn done d ankèt.

**REKÒMANDASYON PRIYORITÈ:** Ogmante efò pou fè ankete, pouswiv, epi kondane trafikan, san pa blyie ofisyèl ki ta konplis nan trafik mendèv oubyen trafik seksyèl, epi chèche jwenn sanksyon ki a la wotèr pou trafikan kondane. E te dwe gen nan sanksyon sa yo, bonjan valè tan fèmen nan prizon. \* Amelyore efò idantifikasiyon moun ki viktим epi voye yo al nan sèvis, sitou nan gwoup ki vilnerab yo, tankou moun apatriid mal desèvi; migran epi moun kap mande azil ki soti Ayiti, Jamayik epi Venezyla ; moun ki LGBTQI+ ; epi resòtisan peyi Kiba kap travay nan pwogram gouvènman te sponsorize. \* Wètè delè pwosedi lajistik. \* Gade pou wè ke pwosesis pou jwenn solisyon nan afè lojman pou popilasyon ki ekspose pa kreye plis pwoblèm vilnerabilite toujou, epi kontinye fòmasyon pou moun ki fè enspeksyon, pou yo konn ki jan yap idantifye viktим trafik. \* Bay sèvis nan lang kreyòl ayisyen epi panyòl nan liy telefòn dijans pou trafik. \* Wètè egzijans pou migran blije jwenn lèt dechaj nan men patwon lè yap chanje travay, pran mezi pou eliminate kòb rekritman rekritè mendèv fè travayè

peye, epi aboli kòb rekritman travayè blije peye. \* Met an plas yon abri ki la sèlman pou viktим trafik moun yo. \* Mete reprezantan gwoup LGBTQI+, Ayisyen e moun apatriid, epi misyon diplomatik etranje, selon nesesite an, chita nan “National Trafficking in Persons Inter-Ministerial Committee” Komisyon Entè-Ministeryèl sou Trafik Moun lan (Komisyon Anti-Trafik). \* Amelyore kolèkt done d ankèt epi mete plis lòd nan dosye yo. \* Etabli yon kad solid pou swivi ak evalyasyon politik sou efò anti-trafik lan, epi konsilte sivivan yo pou yo bay avi pa yo politik sa a. \* Veye pou Ministè Imigrasyon an pataje pa mwayen nimerik tout komunikasyon epi dokimantasyon ofisyèl e voye yo bay patwon epi anplwaye yo.

## **POUSWIT**

Gouvenman an toujou fè efò pou travay lapolis lan fèt. Lwa 2008 lan sou Trafik Moun (Prevansyon avèk Sipresyon) (Lwa TIP) te kriminalize trafik seksyèl epi trafik mendèv, epi li te preskri sinksyon ki ale jiska prizon a vi. Sanksyon sa yo te ase sevè, epi nan sa ki konsène trafik seksyèl, yo te an pwopòsyon ak sinksyon ki konn preskri pou lòt krim grav, tankou pa egzanp kadejak.

Gouvènman an pat rapòte òkèn done d ankèt, an konparezon avèk yon ankèt sou trafik seksyèl ki te enplike de (2) sispè an 2021, 13 ka [11 pou trafik seksyèl epi de (2) lòt pou trafik mendèv] an 2020, epi 16 ankèt an 2019. Gouvènman an pat louvri òkèn pouswit pou dezyèm ane an, konpare avèk de (2) pouswit yo louvri an 2020 epi 2019. Gouvènman an kontinye fè pouswit pou senk (5) akizasyon trafik seksyèl nan twa (3) afè ki rèmonte nan peryòd rapò presedan yo, konpare avèk pouswit kap kontinye sou yon akizasyon kont yon trafikan seksyèl an 2021. Gouvènman an sinyale de (2) afè ki te ann atant pwosè devan Kou Siprèm lan epi yon (1) afè ki tap tann pwosè nan Tribunal Premyè Enstans lan, konpare avèk sèt (7) sispè nan afè trafik ki tap tann pwosè yo kòmanse an 2021. Gouvènman an te kondane yon gason Bahameyen ki se trafikan seksyèl anba Lwa TIP lan epi lòt lwa ankò nan yon afè ki la depi 2021, menm kantite avèk de (2) ane presedan yo. Premye Majistra an te kondane trafikan an ak sinksyon ki ann akò avèk akò pledwaye an, te gen ladan 12 mwa prizon, twa (3) ane pwobasyon, e restitisyon yon montan 10.000 dola bahameyen (\$10.000) chak pou de (2)

viktim , epi sikoterapi. Tribunal yo te klase san swit yon afè ane 2020 kont yon fanm jamayikèn ki te akise, apre twa viktim jamayikèn refize temwaye swadizan paske yo te pè trafikan prezime an. Gouvènman an pat sinyale òkèn envestigasyon, pouswit ni kondanasyon ofisyèl leta ki ta konplis krim trafik.

Gwoup Travay lan, ki se yon antite kowòdonasyon ki reyini plizyè sèvis leta epi ki swiv viktim epi ka sou afè polisye spesifik, te kenbe ladan li yon inite pou envestigasyon. Seksyon pou Moun ki Disparèt epi Eksplwate nan polis Bahamas lan ki rele Royal Bahamas Police Force (RBPF) gen responsabilite pou envestige krim trafik seksyèl epi trafik mendèv; anplis de sa, RBPF gen yon inite spesyalize sou Enfrakson Seksyèl ki ankete sou krim seksyèl, ki gen ladan li trafik seksyèl. Reprezantan RBPF ki patisce nan Gwoup Travay lan se ajan lapolis nivo mwayen e elve ki travay kòm anketè nan Biwo Direktè Pouswit Biblik lan. Komisè gouvènman ki fòme e ki nan Biwo Direktè Pouswit Biblik lan, travay ansamm ansamm avèk anketè RBPF pou pouswiv ka yo ; yo tou bay konsèy legal bay viktim ansamm ak ekip envestigasyon RBPF lan. Menmsi gouvènman an pat dezinye òkèn tribunal spesifikman pou okipe dosye trafik moun, komisè gouvènman yo te mennen tout afè trafik moun pa devan Tribunal Premyè Enstans avèk Kou Siprèm lan. Ekspè sinyale preyokipasyon yo sou detansyon prevantiv ki te long anpil pou tèt reta ki gen nan sistèm jistis penal lan, yon bagay ki te anpeche menm afè kriminèl ki pi grav vanse nan tan ki rezonab. Selon sa obsèvate sinyale, pandemi an epi ti kantite jij avèk komisè gouvènman ki pa sifilan nan peyi an se yon lòt lakòz ki fè gen gwo reta nan tout dosye yo. Tribunal yo bay liberasyon sou kosyon fasil fasil, menm pou sispè ki anba akizasyon krim vyolan, epi lapolis pat genyen ase resous pou fè respekte lwa yo nèt al kole. ONG yo sinyale ke menmsi peyi an te adopte lwa avèk pwosedi konvnab, ajan lapolis, ofisyèl imigrasyon epi enspektè travay ki nan nivo ki pi ba pa aplike lwa yo pou tèt yo pa byen konprann yo, oubyen yo neglijan, oubyen yo konplis. Obsèvatè note tou kèk ajan imigrasyon ki kapab mande lajan anba tab nan men Ayisyen pou yo sa pa kembe yo.

Gouvènman an te patisce nan yon operasyon avèk lòt peyi nan Karayib epi Amerik Latin lan epi INTERPOL pou kouri dèyè rezo trafik migran klandesten

epi trafik moun. Gouvènman an deklare li fin redije yon pwojè “National Operational Plan” Plan Operasyonèl Nasyonal, pou kalite krim sa yo an kolaborasyon avèk INTERPOL epi lòt patnè entènasyonal. Gouvènman an te ogmante fòmasyon pou ofisyèl leta sou tèmatik: Pwotokòl Nasyonzini sou Trafik Moun lan; legislatyon epi pwosesis ankèt bahameyen yo; definisyon, diferans nan kalite yo, endikatè, epi sa ki lakòz trafik; misyon Gwoup Travay lan avèk wòl divès ajans ki ladan, epi kijan pou sinyale ka trafik; depistaj, idantifikasiyon, oryantasyon epi swen pou viktим; pwosedi operasyonèl pèmanan pou swen medical ; pwofil, rekritman epi metòd operasyonèl trafikan yo; epi lit kont tourism seksyèl ki sèvi ak timoun epi prevansyon maryaj prekòs. Sepandan, selon obsèvatè yo, menmsi gouvènman an bay yon bon kantite fòmasyon, ofisyèl yo pa mete an aplikasyon direktiv ki an plas yo nèt nèt, nan sa ki konsène pwoteksyon avèk prevansyon.

## **PWOTEKSYON**

Gouvènman an kontinye fè efò pou pwoteje viktим. Gouvènman an idantifye sis (6) viktим potansyèl, epi twa (3) ladan yo te viktим konfime, te genyen ladan yon fanm kolonbyèn epi yon fanm jamayikèn ki te viktим eksplwatasyon nan trafik seksyèl epi yon fanm Giyanèz ki te eksplwate pou trafik mendèv ; sa se an konparezon avèk yon (1) fanm kolonbyèn yo te idantifye kòm viktим trafik seksyèl an 2021, de (2) viktим an 2020 et senk (5) viktим an 2019. Yon anbasad etranje idantifye yon vikiim trafik seksyèl potansyèl ki te tounen nan peyi li pou tèt se sa li te vle, avan otorite bahameyèn te kapab fè entèvansyon nan ka li. Gouvènman an te rapatriye de (2) viktим li te idantifye. Gouvènman an deklare li kolabore tou avèk otorite jamayikèn yo pou rapatriye twa (3) viktим jamayikèn yo te idantifye nan peryòd rapò presedan. Apre sa yo te refize patisipe nan pouswit kont trafikan yo. Depatman Afè Sosyal lan (DSS) te bay aksè pou jwenn swen medikal epi lajan pou twa (3) viktим konfime, avèk lojman pou de (2) viktим, avèk yon alokasyon mansyèl pou yon viktим majè, epi sikoterapi avèk sèvis fòmasyon pwofesyonèl pou de (2) viktим minè. DSS lan gen kapasite tou pou bay lojman ; manje ; rad ; transpò ; asistans pou fè acha ; asistans jiridik ; preparasyon kourikoulòm vite ; asistans pou plasman nan travay ; siveyans sekirite ki gen landan li vizit nan kay, sitou lè dosye yo gen timoun ; mèb pou kay ; plasman nan lekòl ; epi transfè lajan aletranje. Gouvènman an te bay

asistans jiridik bay viktим yo sèlman pou chak dosye trafik moun men pa pou òkèn lòt afè nan lajistik. Montan gouvènman an te depanse pou viktим trafik se 33.467 dola bahameyen (\$33.467), konpare avèk 48.462 dola bahameyen (\$48.462) nan peròd rapò presedan an. Gouvènman an te bay tou 26.930 dola bahameyen (\$26.930) bay viktим nan peryòd rapò presedan an pou lajan lwaye avèk asistans alimantè epi bezwen spesifik ki te la pou tèt pandemi an.

Otorite yo te mete an plas yon pwotokòl fòmèl pou gide premye repondan yo pou idantifikasiyon viktим trafik seksyèl avèk trafik mendèv epi kijan pou oryante moun ki viktим pou yo ka resevwa sèvis. Pwotokòl lan te genyen yon apwòch detaye ki santre sou viktим lan nan pwosesis depistaj la, epi sèvis entèprèt kalifye ki gen menm sèks avèk viktим lan. Gouvènman an te idantifye sis (6) viktим potansyèl a travè depistaj regilye de moun ki vilnerab. Pandan peryòd rapò presedan an, obsèvatè sinyale ke aplikasyon pwotokòl lan pa konsistan, sitou nan sa ki konsène popilasyon ki vilnerab yo tankou pa egzanp migran ayisyen ki san papye epi timoun apatrid. Gouvènman an avèk lòt obsèvatè sinyale gwo kantite fòmasyon ofisyèl yo resevwa pou fè fas ak preyokipasyon sa yo. Gouvènman an te gen an plas yon pwosesis fòmèl pou gide ofisyèl fè transfè viktим yo ale nan opsyon leta oubyen non-gouvènmantal pou swen a kou tèm oubyen a lon tèm. DSS lan te gen responsabilite bay swen bay viktим yo epi kontwole apwi ke founisè sèvis bay, kontwole avoka yo epi travay lapolis la. Staf medikal Depatman Sante an fè depistaj pasyan pou endikatè trafik epi yo te genyen posibilité pou refere pasyan jwen plis evalyasyon oubyen swen, men otorite yo pat rapòte si yo te fè sa. Gouvènman an nòmalman bay plis sèvis bay viktим yo, men ONG yo tou, yo genyen posibilité bay viktим yo sèvis, tankou pa egzanp lojman, manje, repa avèk dlo, pwodwi pou ikyèn, vètman, asistans finansye, swen medikal epi sikiyatrik, epi yon anviwònman ki pa menasan epi ki garanti netralite pou otorite yo mennen entèvyou yo ; gouvènman an, ONG yo epi òganizasyon entènasional (IOS) deklare ke kowòdinasyon efikas fèt ant sèvis pou viktим yo.

Gouvènman an pat gen abri ki la sèlman pou viktим trafik ; sepandan, gouvènman an te kapab bay ebèjman bay viktим yo oubyen voye yo nan yon

ONG pou jwenn abri. Otorite yo te plase timoun ki viktim nan yon enstalasyon swen timoun DSS lan. Otorite yo te kontinye plase viktim yo nan abri ki te anba jestyon ONG ki sèvi viktim vyolans familial tou. Gouvènman an pran an kont preferans victim lan lè yo chwazi ki abri ki pi konvnab, epi viktim yo te kapab chwazi pou yo pa viv nan yon abri; gouvènman an te bay enfòmasyon bay viktim ki viv pou kont yo, sou sekirite. Gouvènman an pat rapòtè òkèn ka viktim ki andikape ; sepan dan bidjè nasyonal anti-trafik lan gen ladan li resous pou akomode andikape, si sa ta nesesè, epi tou li, deklare li gen sèvis disponib pou LGBTQI+. Abri yo pat limite mouvman viktim yo epi te pèmèt yo al travay. Gouvènman an te bay sèvis bay temwen-viktim yo pandan dire pwosè an epi te kontinye bay sèvis apre pwosè yo fini jis tan viktim lan te swa reloje anndan peyi an oubyen, selon ka a, te tounen nan peyi pa li. Gouvènman an te kolabore avèk yon IO pou bay apwi a lon tèm. Viktim ki chwazi tounen nan peyi yo resevwa yon apwi finansye kontini tou, jiskaske yo reloje; apwi finansye an pat depandan de patisipasyon yo nan pwosè.

Tribinal yo te kapab bay trafikan òdonans pou bay restitisyon nan afè o penal; viktim te genyen posibilité pou louvri yon aksyon o sivil kont trafikan pou resevwa yon endamnite tou. Gouvènman an pat mentni yo fon pou endemnizasyon viktim. De (2) viktim minè, ki te nan ka ki te abouti nan yon kondanasyon nan peryòd rapò aktyèl lan, te resevwa vèsman restitisyon. Gwoup Travay lan te fè plizyè tantativ pou remèt yon vèsman endemnizasyon bay yon viktim etranje nan yon dosye 2020, an kowoperasyon avèk yon anbasad etranje epi yon ONG.

Patisipasyon viktim nan ankèt epi pouswit te volontè, men yo te ankouraje sa. Yon viktim te bay prèv nan yon ka, alenkile akize an plede koupab. Gouvènman an rapòtè twa (3) ka viktim konfime nan peryòd rapò aktyèl lan anplis de twa (3) viktim konfime an 2020 ki refize patisipe ni nan ankèt ni nan pouswit trafikan yo. Sepandan, yon anbasad etranje deklare ke yon viktim potansyèl te depoze plent epi te bay lapolis prèv avan ke li te tounen nan peyi I ; anbasad lan declare ke li kenbe kontakt avèk viktim lan ki tap kowopere avèk ankèt lan epi ki tap tann plis kontakt avèk RBPF lan. Obsèvatè note ke viktim lan te retounen nan peyi li pou li te ka bò kote

zanmi ak fanmi, apre li te di li te preyokipe paske pwersè an ta kapab pran anpil tan epi li pat vle rete pou kont li nan peyi an; obsèvatè yo te note tou jan sa difisil pou etranje entegre nan sosyete bahameyèn lan epi jan lavi koute chè nan Bahamas. Se dwe sa ki rezon ki fè ke viktим yo tounen nan peyi yo, pito y al patisipe nan pwersè. La lwa bay viktим yo iminite kont pouswit nan lajistis epi pwoteje idantite viktим yo. Tribunal yo entèdi piblik lan rante wè le gen pwersè sou afè trafik moun, epi laprès pat gen dwa pibliye idantite viktим yo. Nan mwa jiyè 2022, gouvènman an adopte lwa ki pèmèt viktим temwaye an vizyokonferans, menm lè yo aletranje; gouvènman an pat rapòte si li te itilize metòd sa a pandan peryòd rapò an. La lwa pèmèt tou pou viktим temwaye ak lyen televizyon an dirèkt epi pou yo pran lekti deklarasyon alekri kòm piyès a konviksyon, men sa pat rive pandan peryòd rapò an. Otorite yo te enfòme viktим yo sou dwa jiridik yo. Pou evite tromatize moun yon dezyèm fwa, gouvènman an te limite dire premye entèvyou yo epi te limite kontakt ak trafikan yo. Gouvènman an te ofri viktим yo yon altènativ si yo pat vle pale avèk lapolis, tankou pa egzanp pale ak asistan sosyal oubyen ONG, pandan ankèt e pouswit trafikan yo. Gouvènman an deklare ke li fè entèvyou viktим potansyèl trafik nan de kote ki an sekirite avèk yon entèprèt ki la ki disponib epi an prezans yon asistan sosyal kòm defansè pandan dire ankèt ak pouswit lan. Gouvènman an te bay viktим yo enfomasyon sou sèvis pwoteksyon gouvènman an ofri. E li te mete yon responsab dosye deziyen ak sèvis pwoteksyon, swivi regilye pou yomenm avèk fanmi yo, epi yon detachman lapolis pou sekirite yo lè yo deplase pou ale soti nan aywopò, epi ale soti nan lojman yo, a la dispozisyon de twa (3) viktим konfime. Gouvènman an te kapab voye yon detachman lapolis pou sekirite lè viktим al parèt nan pwersè, e lè sa a yon ajan lapolis epi yon rezendant DSS ret ansamm ak viktим lan. Viktим yo te ka kite peyi an oubyen vwayaje an tout libète anndan peyi an pandan yap tann pwosedi pwersè an. Gouvènman an te ankouraje viktим ki te tounen soti a letranje pou patisipe nan pwersè pou yo vini avèk yon fanmi pou yo kapab jwenn plis sipò.

Peyi an pa genyen yon klasifikasyon viza pou viktим krim, men lwa an te bay viktим etranje dwa resevwa menm asistans ak sèvis ki disponib pou viktим bahameyen yo. Otorite yo pat mare benefis ansamm avèk konsantman

viktим etranje pou kowopere avèk lapolis oubyen pou temwaye nan tribinal, epi rezulta pwosedi lajistis pat enfliyanse stati imigrasyon tanporè viktим yo. Viktим etranje yo te gen opsyon rete anndan jiridiksyon an ak stati legal, oubyen tounen nan peyi yo ; gouvènman an deklare li pat depote viktим. Viktим etranje ki deside rete anndan peyi an te resevwa asistans avèk obtansyon rezidans legal pou rezon imanitè, ki gen ladan yon sètifica ki sanble ak sètifica pou azil, men ki pa idantifye detantè an kòm viktим trafik, epi ki pèmèt detantè an travay legalman. Viktим etranje yo -- sitou migran ayisyen san papye yo – siman dwe te pat ase alèz pou sinyale krim bay ajan lapolis, ki ta kapab idantifye yo kòm viktим, paske yo te pè yo ta depòte yo.

## **PREVANSYON**

Gouvènman an te ogmante efò prevansyon li. Ofisyèl nan Ministè Sekirite Nasyonal te dirije efò jeneral gouvènman an fè pou I lite kont trafik epi te prezide Komisyon Anti-Trafik lan. Pami manm li, gen reprezantan 10 sèvis gouvènman, ONG, òganizasyon confesyonèl, yon anbasad etranje kòm obsèvatè regilye, epi Gwoup Travay lan. Amplis de sa, Komisyon Anti-Trafik lan chache jwen avi sou politik li yo, nan men reprezantan òganizasyon defans dwa moun, gwoup ayisyen ki mal desèvi, epi lidè LGBTQI+. Komisyon Anti-Trafik lan kowòdone rekòmandasyon sou politik li, te divilge enfòmasyon avèk materyèl sansibilizasyon pou bay publik lan, epi te bay konsèy sou tèmatik anti-trafik – ladan I te gen ranfòsman inisyativ pou lite kont trafik epi debouche pou resevwa fòmasyon. Gwoup Travay lan enkli moun ki fòme spesyalman pou fè entèvyou viktим. Moun ki nan menm sèvis Komisyon Anti-Trafik lan e ki te fè swivi e evalyasyon sou chak ankèt e sou chak viktим. Komisyon Anti-Trafik lan te bay fòmasyon bay senk (5) novo manm nan Gwoup Travay lan, ki te soti Depatman nan Imigrasyon (DOI), Depatman Reyadatapsyon avèk Sèvis Sosyal, epi Biwo Pwokirè Jeneral sou konsyantizasyon afè trafik, Iwa anti-trafik, Pwotokòl TIP Nasyonzini an, epi pwosesis d idantifikasiyon viktим e pwosesis oryantasyon pou jwen swen. Sekretarya Komisyon Anti-Trafik lan genyen anndan li kat ofisyèl gouvènman ki detache kòm patisipan a plen tan. Yo soti nan Ministè Sekirite Nasyonal lan (Prezidan), RBPF, Ministè Sèvis Sosyal epi DSS pou travay. Komisyon Anti-Trafik lan epi Gwoup Travay lan fè reyinyon bi-mansyèl sou platfòm an presansyèl e an distansyèl. Ministè, sèvis e depatman leta gen inite

operasyonèl spesyalize nan lit kont trafik moun. Gouvènman an gen yon Plan Aksyon Nasional anti-trafik pou ane 2019-2023. Obsèvatè note nan rapò presedan an ke lefèt ke viktим yo prese pou tounen nan peyi pa yo touswit touswit limite efikasite angajman sivivan yo.

Gouvènman an finanse inisyativ anti-trafik li a travè bidjè nasional pou lit kont trafik li, ki limenm enkli nan bidjè anyèl Ministè Sekirite Nasional lan. Gwoup Travay lan te gen yon bidjè spesyal \$95.000 dola bahameyen (\$95.000), ki te menm bidjè pou ane 2021 epi 2020. Sekretarya Komisyon Anti Trafik lan resevwa 104.601 dola bahameyen (\$104.601) pou swen viktим nan bidjè 2022-2023 lan, ki menm bidjè avèk ane 2021-2022 lan. Gouvènman an te rapòte li depanse 10.580 dola bahameyen (\$10.580) pou kanpay sensibilizasyon epi pou founiti òdinè pou biwo. Finansman pou travay ki gen rapò avèk trafik moun nan lòt ministè yo soti nan bidjè jeneral ministè sa yo oubyen sèvis sa yo. Gouvènman an tou mete kestyon sou trafik nan Sondaj sou Sante Nasional lan pou popilasyon moun ki gen laj 14-17 an, avèk pami yo kominate majinalize yo. Otorite yo pataje enfòmasyon statistik epi mizajou anndan Komisyon Anti-Trafik lan epi yo te bay mizajou sou sit entènèt Ministè Sekirite Nasional lan, epi sou platfòm rezo sosyo tou. Gouvènman an te patisce nan de (2) pwogram rechèch: youn (1) an kolaborasyon avèk yon gouvènman etranje epi yon (1) lòt an kolaborasyon avèk yon IO. Pandan peryòd rapò presedan an, obsèvatè note ke gouvèman an pat regilyèman: kolekte done d ankèt, fè pouswit nan lajistik, bay kondanasyon, e li pat kapab reponn demand pou done nan tan ki rezonab ni nan yon jan ki kowòdone.

Ministè Sekirite Nasional lan te mentni yon liy telefòn dijans spesyal an lang anglè sou afè trafik moun, de (2) nouvo liy telefòn dijans DSS, epi yon (1) nouvo liy dijans pou lapolis. Sèvis sa yo fonksyone 24 sou 24. Se bidjè sekirite nasional lan ki finansye yo. Te gen yon (1) ONG ki gen pwòp liy telefòn dijans pa li pou rapòte tout kalite abi fizik, seksyèl epi emosyonèl. Tout liy dijans te kontinye mache ak staf fòme ki pale anglè; gouvènman an deklare ke apèl nan liy dijans pat bay kòm rezulta idantifikasyon òkèn victim, ni pist d ankèt pou òkèn ka. Standadist ki nan liy dijans gouvènman an te gen aksè avèk sèvis tradiksyon. Gouvènman an fè pibliste pou liy telefòn

dijans yo nan medya anglofòn, pano nan lari, epi kèk depliyan an lang anglè, mandaren, kreyòl epi panyòl ke yo mete nan espas piblik. Depliyan yo bay enfòmasyon sou trafik moun, espesyalman sou trafik timoun epi trafik mendèv, epi dwa victim. Gouvènman an distribye depliyan yo nan gwoup siveyans katye, klinik, epi yon sant ospitalye, RBPF lan, Depatman Travay lan (DOL), Depatman pou Afè Janr avèk Fanmi, DSS lan, yon ONG, epi òganizasyon konfesonèl. Komisyon Anti-Trafik lan te kontinye kanpay sansibilizasyon li sou pano nan lari Naso, nan kote tankou aywopò entènasyonal lan, epi tou kanpay ak fòmasyon konsyantizasyon an distansyèl epi an prezensyèl. Gouvènman an te fè sansibilizasyon an piblik a travè ògan laprès epi an pèsòn, epi tou pou manm yon sant reyadaptasyon, nan ONG, nan òganizasyon konfesonèl epi nan lekòl.

Gouvènman an deklare ke li fè depistaj pou moun ki nan sektè sèks pou lajan. Otorite deklare yo fè depistaj pou endikatè trafik pandan verifikasyon woutin nan naytklèb. Gouvènman an pat deklare si li fè depistaj nan staf medikal Kiben an pou endikatè trafik. Gouvènman an deklare ke li fè fòmasyon yon gwoup travay entè-ajans pou fè ankèt nan katye enpwovize, sitou sa ki loje Ayisyen, desandan Ayisyen, epi Bahameyen ki deplase. Gwoup travay lan fè fòmasyon sou endikatè trafik pou anketè yo. Gouvènman an deklare li fè depistaj pou endikatè trafik sou tout migran net net, osi pou tout timoun minè non akonpaye, ki rive sou lanmè, depi lè yo vin an kontakt avèk otorite yo. Ajan imigrasyon yo te refere viktim potantsyèl yo bay RBPF pou yo fè plis envestigasyon epi pou bay swen. Obsèvatè note ke pou tèt gen gwo vag migrasyon, otorite yo manke kapasite pou reponn a tout demand entèsepsyon sou lanmè. Kidonk omològ etranje vin fè depistaj preyalab apre entèsepsyon, e avan yo tranfere migran yo bay otorite bahameyen. Gouvènman an declare ke gwo vag migrasyon an te fè li blije konstwi yo dezyèm sant detansyon migran pwovizwa ; gouvènman an di li itilize mènm pwotokòl trafik ki aplike nan sant detansyon pèmanan an. Gouvènement an avèk obsèvatè rapòte depistaj konsistan te fèt pou migran ayisyen yo, ansamm ak sa ki nan sant detansyon yo ; IO declare ke gouvènman siman fè depistaj pi konplè pou migran kiben pase sa yo fè pou migran ayisyen, pou tèt ke gouvènman an konsidere yo kòm migran

ekonomik sitou ; òganizasyons yo rapòte ke gouvènman an te bay gwo vitès lè se depòtasyon yo bezwen fè.

Konstitisyon an entèdi travay fòse. Lwa Bahamas sou trafik epi travay pa spesifikman entèdi fè travayè peye frè rektiman, chanje kontra epi kenbe lajan salè pou oblige travayè yo bay sèvis. DOL bay enspektè travay yo fòmasyon sou trafik moun, epi li anboche wit (8) nouvo enspektè travay, ki vin alenkile double kapasite I fè enspeksyon ki anonse alavans e enspeksyon sipriz nan sit travay. Pate gen òkèn enspeksyon sipriz ki debouche sou ankèt pou trafik moun. List kestyon pou depiste ka trafik pou enspektè travay yo, te mande yo detèmine si sityasyon travay yon anplwaye gen diferans avèk sa ki te pwomèt, oubyen sa yo tap atann, epi si yo te kembe oubyen detni lajan nan salè yo. Gouvènman an deklare DOI bay pèmi pou travay byen spesifik, epi DOI mete enfòmasyon sou trafik pou moun k ap fè demand pou premye fwa, epi Konsèy Imigrasyon an te etidye demand pou chak travay kap dire plis pase sis (6) mwa pou anpeche emisyon pèmi ki pa kalifye epi pou pwoteje moun tombe nan eksplwatasyon. Gouvènman an otorize travayè migran chanje patwon nan tan ki rezonab san yo pa bezwen òkèn pèmisyon spesyal. Travayè fèt pou gen lèt dechaj, men anplwaye kapab fè demand bò kot gouvènman an pou jwenn yon egzanpsyón. Dapre sa ONG deklare, gouvènman an pat gen yon pwoesis ki konplètman nimerik, epi Ministè Imigrasyon pa pataje tout kominokasyon ofisyèl ni ak patwon ni ak anplwaye yo, alenkile sa fè ke anplwaye kon rete san dokimantasyon, ap depan sou patwon pou jwenn enfòmasyon. ONG sinyale ke lè migran sinyale nenpòt vyolasyon règleman travay, gouvènman an depòte yo, menm lè se viktим potansyèl eksplwatasyon e trafik travay yo ye, sou baz ke migran sa yo ta an vyolasyon pèmi travay. ONG declare ke yo te kapab jwenn lòt patwon pou travayè migran si yo te bay yo yon peryòd gras pou jwenn lòt travay. ONG deklare tou ke patwon ki anplwaye travayè migran kembe paspò epi lajan salè travayè yo. A travè Inite Sèvis Anplwa Biblik lan, DOL travay avèk òganizasyon sektè prive pou rekrite Bahameyen pou sèten pwojè byen presi. DOL fè enspeksyon sipriz pou detekte travay fòse ki ta nan chèn apwovizyonman nasyonal epi mondal yo. Lè yon patwon soumèt demand sètifikasi travay pou yon etranje kap travay anndan peyi an, otorite yo te remèt patwon an yon depliyan anti-trafik, men staf DOI preske pa ge ankenn

entèraksyon ak plis pase 40.000 kandida travayè etranje yo, ni avan ni apre yo rive nan peyi an. Pandan peryòd rapò sa a kouvri, gouvènman an pa resevwa òkèn sinalman travayè ki rekrite avèk òf travay ki gen fwod, kontra ki vin chanje, oubyen patwon ki sezi oubyen nan nenpòt lòt fason anpeche travayè jwenn pyès idantifikasyon yo. Otorite yo te louvri diskisyon avèk yon IO pou etabli yon Pwotokòl Dakò sou plizyè pwoblèm ki genyen rapò avèk migrasyon, tankou pa egzanp trafik moun epi enpakt trafik lan genyen sou imigran. Gouvènman an pat fè efò pou fè bese demand sèks pou lajan. Gouvènman an pat fè efò pou fè bese demand tourism seksyèl avèk timoun. Gouvènman an bay fòmasyon sou lit kont trafik moun pou diplomat li yo.

**PWOFIL SOU TRAFIK MOUN:** Menm jan sa te rapòte depi senk (5) ane pase yo, trafikan eksplwate viktим nasyonal e etranje ki nan Bahamas epi trafikan eksplwate viktим ki resòtisan bahameyen aletranje. Trafikan rekrite travayè migran, sitou sa ki soti Ayiti, Jamayik, Republik Domiikèn, Republik Popilè Lachin, Kosta Rika, Kolonbi, Venezyela, Filipin, epi Etazini a travè fo òf travay, a travè reklam nan jounal etranje epi sou rezo sosyo yo. Lè yo rive, trafikan eksplwate viktим yo nan trafik seksyèl e trafik mendèv, pa egzanp nan domèn sèvis domestik epi nan sektè ki mande mendèv ki pa bezwen ampli konpetans. ONG rapòte ke viktим trafik seksyèl te sitou soti nan peyi Jamayik oubyen Amerik Latin, tandiske pi fò viktим trafik mendèv se Ayisen nan sityasyon sèvitid pou dèt. Selon rapò gouvènman an, se fanm migran ki anba pi gwo danje pandan peryòd rapò sa a kouvri; obsèvatè endike ke alenkile, sèten fanm etranje ki viktим ki chèche debouche nan travay, se moun ki fè gwo etid, men yo pat konsyan danje yo pran kidonk sa fe yo tombe viktим trafik lan. Sèten moun ki fèt Bahamas ki genyen papa ki etranje, avèk manman ki sitwayèn peyi an, oubyen ki genyen toulède paran ki etranje, pa otomatikman resevwa sitwayènte oubyen papye bahameyen. Alenkile yo anba pi gwo danje pou afè trafik moun. Timoun migran ki pa akonpaye, moun ki pran nan manti avèk fo pwomès travay, moun ki patisipe nan sèks pou lajan epi nan striptiz, migran ki san papye, moun ki apatrid, moun ki LGBTQI+ (sitou sa ki soti andeyò), epi migran ki te vin deplase pou tèt Siklòn Dorian vin tonbe viktим trafik, oubyen yo vilnerab anpil pou tombe nan men trafikan. An patikilye, migran san papye kap viv nan kanpman enfòmèl nan zile Abaco e Grand Bahama e ki te pran gwo dega nan Siklòn

Dorian, epi tou, moun ki kouri kite Nyou Providans apre move siklòn lan, egziste nan sa obsèvatè rele "espas kote fè nwè" e sa ka anpeche yo sinyale ka abi. An janvye 2022, gouvènman an siyen yon akò ofisyèl avèk gouvènman Kiba pou akeyi pwovizwaman 50 swayan medikal pou bay swen medikal pandan pandemi an ; gouvènman an deklare ke travayè medikal sa yo travay nan peyi an pandan peryòd rapò san. Si pwofesyonèl medikal kiben yo la, se ka pou tèt se fòse gouvènman kiben an fosè yo vini. To chomaj lan ki wo anpil pou tèt pandemi an -- selon rapò yo li ta depase 40 poustan – ta fè ke danje vin ogmante pi plis ankò pou viktim potansyèl.